# Rayonlardaǵı alıs aymaq turǵınları taza ishimlik suwı menen támiyinlenedi

Image not found or type unknown

«Abat awıl» hám «Abat máhálle» baǵdarlamaları sheńberinde respublikamızdıń shetki aymaqlarına ishimlik suwın jetkerip beriw jumısları alıp barılmaqta.
Qońırat rayonındaǵı «Órnek» awıl puqaralar jıyını aymaǵı turǵınları ushın taza ishimlik suwın jetkerip beriw maqsetinde 1 588,4 million sum qarjı ajıratılıp, 7,2 kilometr uzınlıqtaǵı suw trubasına rekonstrukciya jumısları alıp barılmaqta. Bul haqqında «Qaraqalpaq suw támiynatı» JShJ baspasóщ xızmeti xabar berdi.

Rekonstrukciya jumısları tolıq juwmaqlanǵannan soń aymaqtaǵı 436 xojalıqtıń ishimlik suwı támiynatı jaqsılanadı.

Sonday-aq, baǵdarlama sheńberinde Shımbay rayonındaǵı «Orjap» mákan puqaralar jıyını aymaǵına 11,4 kilometr aralıqqa ishimlik suwı tarmaǵın tartıw jumısları ámelge asırılmaqta.

«Aral mexanizaciya» JShJ tárepinen alıp barılıp atırǵan jumıslar nátiyjesinde aymaqtaǵı 410 xojalıqtıń ishimlik suwı menen támiyinleniwi kútilmekte.

Islam Matekov